

nationalgrid



## Pafwa ou bezwen resevwa yon ti èd.

Si ou bezwen plis sipò,  
nou gen Pwogram Asistans  
pou Pèman ak konsèy.



Nou genyen pwogram ak sèvis ki la pou jere bòdwo  
enèji ou yo – **ngrid.com/hereforyou**

**Nou konprann li pa toujou fasil pou w jere bòdwo enèji ou yo, sitou nan moman an. Si ou bezwen plis èd, nou genyen Pwogram Asistans Pèman ki kapab ede w—menm si ou pa t janm kalifye avan sa. Defansè Konsomatè Nou yo disponib tou pou bay sipò ak konsèy.**

Nou la pou nou ede w.

## Pwogram Asistans pou Enèji Domestik (HEAP)

### **HEAP nòmal**

Ede kliyan ki elijib pou revni yo peye bòdwo enèji yo. Pwogram sila a fèt abtyèlman soti mwa Novanm pou – rive mwa Mas.

**Etap 1:** Pou w konnen si ou kalifye vizite [otda.ny.gov/programs/heap/](http://otda.ny.gov/programs/heap/) oswa rele Liy Ijans Biwo Asistans Tanporè ak Andikap NYS la (NYS Office of Temporary & Disability Assistance): **1-800-342-3009**.

**Etap 2:** Postile an liy sou [mybenefits.ny.gov/mybenefits/begin](http://mybenefits.ny.gov/mybenefits/begin) oswa an prezansyèl avèk korespondan Distri HEAP lokal ou an: [otda.ny.gov/programs/heap/contacts/](http://otda.ny.gov/programs/heap/contacts/)

### **HEAP Ijans**

Si ou resevwa yon sibvansyon HEAP ki nòmalepi ou te resevwa resaman yon avi pou dekoneksyon sèvis publik yo/ ijans ki valid, ou ka elijib pou w jwenn yon sibvansyon HEAP ijans pou ede w peye bòdwo enèji w yo. Pwogram sila a fèt abtyèlman soti nan mwa Janveye pou rive - nan mwa Mas.

- Postile pou pwogram HEAP Ijans lan lè ou rele Liy Ijans Biwo Asistans Tanporè ak Andikap NYS la nan (NYS Office of Temporary & Disability Assistance): **1-800-342-3009** oswa an prezansyèl avèk korespondan Distri HEAP lokal ou an: [otda.ny.gov/programs/heap/contacts/](http://otda.ny.gov/programs/heap/contacts/)

## Pwogram Aksesibilite Enèji (EAP)

Kliyan ki resevwa yon sibvansyon HEAP yo enskri otomatikman nan EAP, ki se yon pwogram kredi bòdwo mansyèl yo. Kliyan ki resevwa asistans nan men lòt pwogram kalifye yo kapab postile pou resevwa kredi bòdwo a.

**Etap 1:** Pou w konnen si ou kalifye vizite [ngrid.com/eap](http://ngrid.com/eap), rele **1-866-305-1915** oubyen voye yon imèl nan [Affordability@nationalgrid.com](mailto:Affordability@nationalgrid.com)

**Etap 2:** Ranpli yon fòmilè aplikasyon EAP epi bay prèv ou te patisipe nan yon pwogram kalifye: [ngrid.com/eapapp](http://ngrid.com/eapapp)

## Asistans Finansye

### **Fon pou Chofaj Care & Share**

Bay asistans finansye ijans inikki genyen yon montan 200 dola pou kliyan ki déjà resevwa sibvansyon HEAP yo a epi ki gen difikilte pou pou peye bòdwo enèji yo an.

- Pou w aprann plis vizite: [www.heartshare.org/energy-assistance-and-community-development/](http://www.heartshare.org/energy-assistance-and-community-development/) oswa rele **1-855-852-2736**.

### **Fon pou Enèji Hope & Warmth**

bay yon sibvansyon ijans inik pou kliyan yo ki genyenyon reni ki depase kritè elijibilite HEAP mande yo epi yon kont ki gen yon balans 1\$ oswa plis.

**Etap 1:** Verifye kritè sou revni modere yo la: [www.nyserda.ny.gov/All-Programs/EmPower-New-York-Program/Eligibility-Guidelines](http://www.nyserda.ny.gov/All-Programs/EmPower-New-York-Program/Eligibility-Guidelines)

**Etap 2:** Pou w aprann plis vizite [www.heartshare.org/energyassistance-and-community-development/](http://www.heartshare.org/energyassistance-and-community-development/) oswa rele **1-718-422-4207**.

### **Hearts Fighting Hunger**

Ofri yon asistans manje inik sou fòm yon kat kado makèt 300\$ pou kliyan ki genyen yon revni ki depase kritè elijibilite HEAP mande yo epi yon kont ki gen yon balans 1\$ dola oswa plis.

**Etap 1:** Verifye kritè sou revni modere yo la: [www.nyserda.ny.gov/All-Programs/EmPower-New-York-Program/Eligibility-Guidelines](http://www.nyserda.ny.gov/All-Programs/EmPower-New-York-Program/Eligibility-Guidelines)

**Etap 2:** Pou w aprann plis vizite [www.heartshare.org/energyassistance-and-community-development/](http://www.heartshare.org/energyassistance-and-community-development/) oswa rele **1-718-422-4207**.

## Plan Bidjè a

Kliyan ki déjà peye bòdwo enèji yo kapab enskri nan lide pou yo kapab divize pri enèji anyèl yo an 12 pèman mansyèl ki regilye, sa ki tou elimine pwoblèm ki fèt yon mwa apre lòt yo.

- Pou w enskri vizite [ngrid.com/billhelp](http://ngrid.com/billhelp) oswa rele **1-800-642-4272**.

## Asistans Tanporè

Si ou fèk resevwa yon avi pou koupe sèvis publik oswa ou nan yon sitiyasyon ijans, ou fin itilize tout sibvansyon HEAP yo, oswa ou se yon kliyan ki pa kalifye pou HEAP epi ou gen sikontans espesyal ou ka elijib pou asistans

tanporè si ou pa gen okenn opsyon pou w fè yon akò sou peman. Yon reprezantan kliyan National Grid ap vin pran yon deklarasyon finansye epi li ap refere ou bay Depatman Sèvis Sosyal lokal ou a.

- Pou plis enfòmasyon, rele **1-800-642-4272**.

## Akò Pèman yo

Pèmèt kliyan ki gen yon balans pou peye yo enskri nan yon plan pèman mansyèl jerab ak yon premye vèsman.

- Pou w enskri, vizite **ngrid.com/moretime** oswa rele **1-800-443-1837**.

## Pwoteksyon Espesyal

Pou kliyan ki bezwen plis èd yo, tankou ti gramoun yo, moun ki avèg epi ki andikape yo oswa sila yo ki ap sèvi avèk ekipman ki vital pou yo oswa ki genyen ki gen gwo pwoblèm sante.



- Vizite **ngrid.com/uny-specialprotections** oswa rele **1-800-642-4272** pou plis enfòmasyon.

## Efikasite Enèjetik

### EmPower+

Kliyan ki gen revni ki elijib yo ka benefisyé de yon evalyasyon gratis nan kad efikasite enèji lakay yo nan lide pou idantifye mwayen pou yo fè ekonomi lè yo rann kay yo pi efikas nan zafè enèji. Patisipan yo resewwa yon plan pou diminye konsomasyon enèji yo epi genyen amelyorasyon gratis kontraktè ki ap patisce enstale.

- Pou w aprann plis vizite: **www.nyserda.ny.gov/All-Programs/EmPower-New-York-Program** oswa rele **1-877-697-6278**.

### Pwogram Efikasite Enèjetik Pou Lojman Kolektif Abòdab Eta New York yo (New York State Affordable Multifamily Energy Efficiency Program)

Si ou se yon lokatè, pale ak pwopriyetè w la sou mezi finansye ki disponib pou rann lojman ou a pi efikas nan zafè enèji.

- Pou w aprann plis vizite: **ngrid.com/uny-ameep**

### Konseye Enèjetik NY

Itilize sit entènèt sila a pou jwenn pwogram efikasite enèjetik ak sèvis pou kliyan ki elijib yo.

- Pou w aprann plis vizite: **energyadvisor.ny.gov/**

### Sant pou Enèji Pwòp (Clean Energy Hub)

Eta New York la angaje li nan yon demach tranzisyon pou li tounen yon ekonomi enklizif, ki fonksyone ak enèji pwòp.

Tout rezidan, antrepriz ak kominate pami tout Eta a ap gen aksè ak nouvo opòtinite pou benefisyé de tranzisyon sila aki genyen ladan I karyè nan domèn enèji pwòp, kay, amelyorasyon lojman, menm rabè pou antrepriz yo ak transpò pèsonèl.

- Pou plis enfòmasyon, tanpri vizite <https://www.nyserda.ny.gov/All-Programs/Regional-Clean-Energy-Hubs>

## Defansè Konsomatè yo

Pale avèk yon Defansè Konsomatè National Grid pou w jwenn enfòmasyon sou resous pou w jere bòdwo enèji ou yo.

Vizite **ngrid.com/consumeradvocates** oswa rele **1-800-642-4272**.

## Kontak enpòtan

### Sèvis Kliyantèl

[ngrid.com/hereforyou](http://ngrid.com/hereforyou)  
1-800-642-4272

### Ijans ki lye ak Gaz

911 oswa 1-800-892-2345

### Vizite My Account

#### (Kont Mwen)

Gade epi peye bòdwo w,  
fè chanjman sou preferans  
kont ou an ak plis bagay  
toujou!

[ngrid.com/  
unnymyaccount](http://ngrid.com/unnymyaccount)

### Opsyon Bòdwo

#### ak Pèman yo

Èske sa enterese w  
pou w fè sa san okenn  
dokimantasyon  
pappy? Aprann plis sou  
opsyon pèman yo

[ngrid.com/unybillpay](http://ngrid.com/unybillpay)  
1-800-460-0316

### Konprann

#### Bòdwo Ou yo

Aprann plis sou  
eleman ki konstitye  
bòdwo w la.

[ngrid.com/unybillpay](http://ngrid.com/unybillpay)  
1-800-642-4272

### Pàn Elektrik

Sinyale National Grid  
yon pàn elektrik.

[ngrid.com/  
siyalepàn](http://ngrid.com/siyalepàn)  
1-800-892-5222

### Konsèy pou Fè

#### Ekonomi Enèji

Konsèy ak astis pou ede w  
fè ekonomi enèji.

[ngrid.com/  
unysavingstips](http://ngrid.com/unysavingstips)

### Pwogram

#### Efikasite Enèjetik

Aprann kijan pou w rann  
kouran lakay ou a pi efikas  
epi fè ekonomi enèji!

[ngrid.com/saveenergy](http://ngrid.com/saveenergy)

### Tarif

Konsilte tarif aktyèl yo.

[nationalgridus.com/Upstate-  
NY-Home/Rates/Service-Rates](http://nationalgridus.com/Upstate-NY-Home/Rates/Service-Rates)

### OpsyonFounisè Enèji ou genyen yo.

Konprann opsyon founisè w yo.

[nationalgridus.com/Upstate-  
NY-Home/Energy-Choice/  
Choosing-Your-Supplier/Rates/  
Service-Rates](http://nationalgridus.com/Upstate-NY-Home/Energy-Choice/Choosing-Your-Supplier/Rates/Service-Rates)

300 Erie Boulevard West  
Syracuse, NY 13202

**nationalgrid**